

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RĚKOMĚNDASI

5.1 Kacindekan

Kamampuh nulis téks biografi siswa Fase F MA AR-RAHMAN Cikalongwetan taun ajar 2024/2025 saméméh dilarapkeun modél PJBL katégorina “Kurang” rata-rata peunteuna 54,26. Tina 30 siswa, 0 siswa katégori “kurang pisan” miboga kriteria 0-25, 11 siswa asup katégori “kurang” peunteuna nyaéta 26-50, 15 siswa asup katégori “cukup” réntang peunteuna 51-65, 4 siswa kagolong “hadé” miboga peunteun 65-80, sarta 0 siswa dina katégori “hadé pisan” anu peunteuna 81-100. Sakabéh hal ieu dumasar lima aspék meunteun nyaéta: a) judul sarta kasaluyuan informasi nu ditepikeun “kurang” rata – rata peunteuna 15,53 tina maksimal 30.; b) Struktur Téks “Cukup” rata – rata peunteun 11,96 ti 20; c) Diksi kaasup “Cukup” rata –rata peunteun awalna 11,33 tina maksimal 20; d) Kaédah Basa "kurang" rata – rata 13,10 peunteuna tina 25; sarta e) éjahan kagolong “Kurang” sabab rata-rata peunteun 2,33 tina maksimalna 5.

Kamampuh nulis téks biografi siswa Fase F MA AR-RAHMAN Cikalongwetan taun ajar 2024/2025 sabada dilarapkeun modél PJBL kaasup katégori “Hadé Pisan” anu miboga rata-rata peunteun 81,10. Ti 30 siswa, 0 siswa asupna katégori “kurang pisan” peunteuna 0-25, 0 siswa kagolongna “kurang” rentang peunteun ti 26-50, 2 siswa katégorina “cukup” peunteun 51-65, 13 siswa dina katégori “hadé” peunteuna 65-80, jeung 15 siswa geus asup katégori “hadé pisan” peunteuna 81-100. Hal éta miboga dasar tina lima aspék meunteun: a) judul ogé kasaluyuna dina nepikeun informasi kagolong “Hadé” rata – rata peunteuna 23,30 tina 30.; b) Struktur Téks “Hadé” miboga rata-rata 17,63 tina maksimal 20; c) Diksi “Hadé” rata – rata peunteuna 17,33 tina 20; d) Kaédah Basa katégorina "Hadé" rata – rata 18,36 tina 25; sarta e) éjahan kagolong katégori “Hadé” mibanda rata – rata 4,03 ti maksimal 5.

Aya béda antara kamampuh nulis téks biografi siswa Fase F MA AR-RAHMAN Cikalongwetan taun ajar 2024/2025 saméméh jeung sabada dilarapkeun modél PJBL. Ieu hal luyu kana hasil ti uji sipat data anu dijérone aya uji normalitas ogé hipotésis. Tina hasil itungan uji normalitas *Shapiro-Wilk* data nu dicangking nyaéta

Syifa Aulia Fatonah, 2025

MODĚL PROJECT BASED LEARNING (PJBL) DINA PANGAJARAN NULIS TĚKS BIOGRAFI (STUDI KUASI ĚKSPĚRIMĚN KA SISWA FASE F MA AR-RAHMAN CIKALONGWETAN TAUN AJAR 2024/2025)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kamampuh nulis saméméh ngahasilkeun (sig) 0,127 ari data kamampuh nulis sabada mibanda niléy (sig) 0,204. Hartina data miboga hasil (sig) $> 0,05$. Kacindékana data ieu panalungtikan miboga distribusi normal, ku sabab ieu data panalungtikan miboga distribusi normal, dituluykeun ngagunakeun *statistic parametic* nyaéta dilakukeun uji hipotésis ku *paired sample T-test*. Tina hasil *paired sample T-test* mibanda hasil Sig. (2-tailed) 0,000 hartina aya béda antara kamampuh nulis téks biografi siswa Fase F MA AR-RAHMAN Cikalongwetan taun ajar 2024/2025 saméméh jeung sabada dilarapkeun modél PJBL.

Kacindekanana, ieu modél *Project Based Learning* (PJBL) téh éféktif pikeun dilarapkeun dina pangajaran nulis téks biografi siswa Fase F MA AR-RAHMAN Cikalongwetan taun ajar 2024/2025.

5.2 Rékoméndasi

Tina ieu hasil panalungtikan tangtu miboga sababaraha rékomendasi sangkan di mangsa kahareupna bisa leuwih hadé, anapon rékomendasina dijéntrékeun di handap.

1. Modél *Project Based Learning* cocok pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis téks biografi. Ieu modél bisa ngalatih kréatifitas siswa sarta ngajémbarkeun pangawéruh ngaliwatan tugas- tugas berbasis proyék dina pangajaran. Ku kituna, ieu modél PJBL bisa jadi modél alternatif pikeun guru hususna dina pangajaran nulis téks biografi atawa dina pangajaran séjénna.
2. Modél *Project Based Learning* museur kana pangajaran anu miboga hasil ahir proyék, ku sabab kitu ieu model bisa jadi kurang éféktif pikeun dilakukeun dina waktu anu heureut sabab bisa nyieun siswa ngarasa capé nalika migawé proyék. Dumasar kana éta hal, guru miboga tugas nyaéta kudu bisa méré afirmasi sarta motivasi ka siswa anu positif sangkan sumanget dina salila prosés pangajaran lumangsung.
3. Ieu panalungtikan modél *project based learning* ngagunakeun ékspérimén kuasi. Ku kituna, perlu dilakukeun panalungtikan dibidang séjén anu leuwih teleb nyaéta maké ékspérimén murni sangkan bisa nyangking ambahan panalungtikan anu leuwih lega.